# ҚАРАҚАЛПАҚ ЖЫРАЎ-БАҚСЫЛАРЫ ҚАБЫЛ МАҚСЕТОВ ИЗЕРТЛЕЎЛЕРИНДЕ

**Сарсенбаева Айжамал Камалбай қызы**
*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Қарақалпақ халқы дүнья халықларына мақтаныш етсе арзыйтуғындай ҳәр қыйлы жанрдағы аўызеки әдебият үлгилерине ийе. Солардың ишинде дәстанлардың қәлиплесиўи, раўажланыўы ҳәм бүгинги күнимизге шекем өмир сүриўинде жыраў, бақсылардың орны үлкен. Сонлықтан да дәстанларды жыраў, бақсыларсыз, ал, жыраў, бақсыларды дәстанларсыз көз алдымызға келтире алмаймыз.

Өткен әсирдиң 50-жылларында қарақалпақ әдебияттаныў ҳәм фольклортаныў илими енди қәлиплесип, раўажланыў жолына түсип атырған бир пайытта Қабыл Мақсетов (1929-2002) қарақалпақ фольклортаныў илимин изертлеўге араласады. Илимпаз өмириниң ақырына шекем қарақалпақ әдебияты ҳәм фольклорын изертлеў менен тынымсыз шуғылланады.

Қ.Мақсетовтың илимий-изертлеў жумысларының тийкарғы бағдары қарақалпақ фольклорын изертлеўге бағышланады. Илимпаз өзи сәўбетлес болған ҳәм сазын тыңлап, сөзин өз қолы менен жазып алған жыраў-бақсылардың өмир жолы, жыраў-бақсышылық өнери, атқарыўшылық таланты, репертуары, устазлары ҳәм олар таярлаған шәкиртлери ҳаққында системалы изертлеў жумысларын алып барған. Бул ҳаққында алым: «60-жыллардың басынан усы ўақытқа шекем Қурбанбай, Қыяс, Есемурат, Соппаслы Сыпыра, Нурабулла, Шанкот, Бегмурат, Қуламет жыраўлар ҳаққында, Жапақ, Ещан, Қаражан, Ҳүрлиман, Әмет, Генжебай бақсылар туўралы ҳәр қайсысы өз алдына изертленген көлемли мақалалар жазылды. Олар 1956-жылдан 1980-жыллар арасында «Әмиўдәрья» журналында дағазаланды», - деп өзи тәрепинен жазылған мақалалар ҳаққында мағлыўмат келтирип, 1983-жылы «Қарақалпақстан» баспасынан басылып шыққан «Қарақалпақ жыраў-бақсылары» атлы илимий очреклер китабы болса: «жыраў-бақсылардың тиккелей өзиниң аўзынан, 60-жыллардың басынан ҳәзирге шекем шөлкемлестирилген фольклорлық экспедиция материаллары тийкарында жазылған» [Мақсетов, 1983. –5],–деп мағлыўмат береди. Бирақ, 80-жыллардан соңда, илимпаз өмириниң ақырына шекем республикамздың барлық районларын аралап ҳәм республикадан тысқары Қазақстан, Өзбекстан, Түркменстан аймақларында өткерилген фольклорлық экспедицияларға басшылық етип, халық аўызеки әдебиятының басқа үлгилери менен бирге, турақлы түрде дәстанларды жазып алыў, оларды редакторлаў, системаластырыў ҳәм китап етип шығарыў, илимий-изертлеў жумысларын алып барыў менен тынымсыз шуғылланған.

Қ.Мақсетов 1954-жылы Москвадағы бурынғы аўқам Илимлер академиясының Шығыстаныў институты аспирантурасында оқып жүрип, дүньяға белгили Шығыстаныўшы алым Е.Э.Бертельстиң усынысы ҳәм А.А.Валитованың тапсырмасы менен 1955-жылы Төрткүлге келип Қурбанбай жыраўдан «Қырық қыз» дәстанын жазып алыўы керек болады. Бирақ, жыраўдың келисими менен биринши рет жыраўдан «Қаншайым» дәстанын жазып алады. Буннан соң Есемурат жыраўдан «Едиге», Қурбанбай жыраўдан «Шәрьяр», Арзымбет жыраўдан «Алпамыс», «Қоблан», Жәнибек ҳәм Ережеп жыраўлардан «Қоблан», Қыяс жыраўдан «Қырық қыз», Қайыпназар жыраўдан «Бозуғлан», Қаражан бақсыдан «Ашық-Нәжеп», Нарбай бақсыдан «Дәўлетиярбек», Әмет бақсыдан «Юсуп-Ахмет», Теңел бақсыдан «Саятхан-Ҳамре» сыяқлы т.б. дәстанларды жазып алады. Ҳәр бири 4-5 үлкен дәптер болатуғын, бес мың қатардан, жигирма мың қатарға шекемги көлемли дәстанларды сөзбе-сөз ручка менен жалықпастан, айрықша ықлас пенен жазып алыўға ериседи. Дәстанларды қол менен жазып алыўда қаншелли ўақыттың кететуғынлығын, Қ.Мақсетовтың өзиниң «Пикирди өзгерткен уллы жыраў ҳаққында» (Қурбанбай жыраўдың туўылғанына 120 жыл) атлы мақаласындағы: «Мен Қурбанбай жыраўдан «Қаншайым» дәстанын бир ҳәпте ишинде жазып болдым» [Мақсетов, 1996], –деген пикирлеринен билемиз.

Қ.Мақсетов қарақалпақ жыраў-бақсылары ҳаққында бир неше очерклерин, илимий мақалаларын ҳәм китапларын жазды. Атап айтқанда «Халық бақсысы» (1970), «Қарақалпақ фольклорының эстетикасы» (1971), «Традициялық дәстанлардың жасаўында ҳәзирги заман халық жыраў-бақсыларының роли» (1973), «Қарақалпақ эпосы» (1976), «Қарақалпақ фольклоры» (1979), «Қарақалпақ жыраў-бақсылары» (1983), «Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар» (1992), «Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөрепелери» (1996) сыяқлы китапларында жыраў-бақсылардың өмир жолы, атқарыўшылық таланты, репертуарының өзгешелиги ҳәм т.б. ашып бериледи. Жыраў-бақсылардың ҳәр қыйлы атқарыўшылық усылларын өз көзи менен көрип, сөзин ҳәм сазын тыңлап, жазып алған, илимпаз, олардың саз шертиў, сөзди айтыў талантына илимий бақлаў жумысларын үзликсиз алып барады. Халық жыраўларынан жазып алынған дәстанлар бойынша фундаменталь изертлеў жумысларын алып барады, мысалы, «Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы» (1966) атлы докторлық диссертациясында дәстанлардың поэтикасын, көркем-

лик өзгешелигин ашып бериўде тийкарлы илимий жуўмақларын жасайды.

Фольклор мийраслары жәмәәтлик дөретиўшиликтиң жемиси болғаны менен, тийкарынан олардың дәслепки пайда болыўында жеке дөретиўшилик шеберликтиң туратуғынлығы белгили. Сонлықтан да Қ.Мақсетов өзиниң монографиясында: «Халық арасынан шыққан сөз шеберлери – жыраў, бақсылар, сазенделер, шеберлер көп жағдайда өзлериниң жеке өзгешеликлерине қарамастан қабыл етилген дәстүрий мотивлердиң тәсиринде қалып барады. Соның менен олар дәстүрий мотивлердиң ешейин бир тәкирарлаўшысы болып көринбестен, өзлеринде «вариантлар» жасаў мүмкиншилигине де ийе болады. Қысқасы, жеке дөретиўшилик жәмәәтлик дөретиўшиликтиң ҳәрекетке келтириўши күшлеринен есапланады» [Мақсетов, 1965. –8], –деп халық талантларына жоқары баҳа береди. Илимпаз монографиялық изертлеўинде дәстанлардың көркемлик өзгешелигин ашыўда жыраўлардың жеке атқарыўшылық шеберлигине дыққат қаратып, көркемликтиң күшли болыўы, ўақыялардың избе-из баянланыўы дәстанды атқарыўшылардың тиккелей шеберлик усылына байланыслы болатуғынын, және де импровизатор жыраўлар менен импровизатор емес жыраўлардың, сондай-ақ, ҳәр бир жыраўдың жасаған дәўири, дүньяға көз қарасы, жасаған орталығына байланыслы дәстанлардың идеялық мазмуны менен тил көркемлигиндеги ҳәр қыйлылықты анық мысаллар менен дәлиллеп береди.

Қ.Мақсетовтың халық жыраўлары бойынша алып барған изертлеўлериниң ишинде, бүгинги ҳәм келешек әўладқа 20 дан аслам дәстанларды мийрас етип қалдырған Қурбанбай (1876-1958) жыраўдың дөретиўшилигине арналған «Каракалпакский эпос» (1971) ҳәм «Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар» (1992) атлы китабындағы «Үлкен жыраўдың бай фольклорлық мийрасы» атлы изертлеўи дыққатқа ылайық. Илимпаз Қурбанбай жыраўдың баспада жәрияланған ҳәм жәрияланбаған барлық дәстанларын анализлеп, жыраўдың индвидуаллық өзгешелигин ашып береди ҳәм жыраўдың жыраўшылық талантын жоқары баҳалап: «Қурбанбай жыраў өзиниң қалдырған бай фольклорлық мийрасы менен әдебият, фольклор, мәдeният тарийхымызда айрықша ҳүрметке ийе. Ол Қарақалпақстанның Төрткүл районында туўылып, Төрткүлдеги Жийемурат, Бухарадағы Халмурат, Қоңыраттағы Нурабулла жыраўлардан тәлим алды. Өзине тән болған дөретиўшилик күш пенен қарақалпақ жыраўшылығын, көрилмеген жоқары дәрежеге көтерди» [Мақсетов, 1992. –11], – деп баҳа береди,

Илимпаздың 1983-жылы «Қарақалпақстан» баспасынан басылып шыққан «Қарақалпақ жыраў -бақсылары» атлы китабында Соппаслы Сыпыра жыраў, Шаңқай жыраў, Бегмурат жыраў, Нурабулла жыраў, Қурбанбай жыраў, Есемурат жыраў, Қыяс жыраў, Қуламет жыраў, ал, бақсылардан Жапақ, Ещан, Қаражан, Әмет, Генжебай бақсылар үйренилсе, жоқарыда биз атап өткен «Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар» атлы изертлеўинде Бердақ шайырдың бақсышылығы, Бердақтың қызы Ҳүрлиман бақсы, Орымбай бақсы, Жаңабай бақсы ҳаққында изертлеўлерин жазды. Солай етип, Қ.Мақсетов қарақалпақлар тарийхында терең из қалдырған ҳәм кейинги әўладларға теңи-тайы жоқ бай мийрасларын берген талантлы жыраўлар менен бақсылардың өмир жолы, дөретиўшилиги ҳаққында баҳалы изертлеўлерин жазып қалдырды. К.Мақсетов жыраў ҳәм бақсылардың арасындағы устаз ҳәм шәкиртлик байланыслары, олардың қоңсылас халықлар менен дөретиўшилик мәдений байланыслары, өз ара үйрениў, өзлестириў, дөретиўшилик тәсир т.б.нәтийжесинде дәстаншылықтың раўажланыў жоллары сыяқлы актуал мәселелер хаққында да илимий-теориялық жуўмақларын берди.

Бухаралы қарақалпақ жыраўлары ҳәм де хорезмли өзбек ҳәм түркмен бақсылары менен қарақалпақ бақсыларының дөретиўшилик байланыслары ҳаққында қызықлы мағлыўматларын жазды. Бердақтың бақсышылығы ҳаққында изертлеўинде көп ғана фактлерге тийкарланып ҳәм Бердақтың ақлығы Қаражан бақсының мағлыўматларына сүйенип «Ашық-Нәжеп» дәстанының қарақалпақша версиясының пайда болыўы Бердақтың аты менен байланыслы деген пикирин айтады. Илимпаз жыраў-бақсылар ҳаққында жазғанда, олардың халық сүйген саз ҳәм сөз ийелери болғанға шекемги өмир жолын тутас, толық сәўлелендирип бергенин аңлаймыз.

Жуўмаклап айтканда, профессор Қ.Мақсетов қарақалпақ халқының миллий мақтанышына айланған жыраўлары ҳәм бақсылары ҳаққында, олардың өмир жолы, репертуары, атқарыўшылық өзгешелиги ҳаққында бай илимий мағлыўматлар жазып қалдырған халқымыздың әдиўли перзенти сыпатында бүгинги ҳәм келешек әўладларға үлги ҳәм ибрат мектеби болып қалады.

ӘДЕБИЯТЛАР

1. Мақсетов Қ. Қарақалпақ жыраў, бақсылары. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1983.
2. Мақсетов Қ. Пикирди өзгерткен уллы жыраў ҳаққында» (Қурбанбай жыраўдың туўылғанына 120 жыл) // «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 1996, 13-август.
3. Мақсетов Қ. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы. – Ташкент, «Фан», 1965.
4.Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992.